

Sa Ou Dwe
Konnen Apre
Ou Pran Vaksen
Johnson & Johnson/
Janssen kont
COVID-19 Ou a



NYC VACCINE FOR ALL:
SAFE, FREE, EASY

nyc.gov/covidvaccine

Anvan ou kite sit vaksinasyon an:

Asire ou ke ou jwenn yon kat vaksinasyon ki gen non vaksen ou te pran an ak dat ou te resevwa li. Fè foto li oswa fè yon kopi li, epi kenbe orijinal la nan yon kote ki an sekirite.

Konbyen dòz vaksen Johnson & Johnson lan mwen bezwen pran?

Si w te pran yon dòz vaksen Johnson & Johnson lan, yo rekòmande yon piki rapèl omwen de (2) mwa apre premye dòz la. Chwazi Pfizer oswa Moderna pou piki rapèl ou a.

Ki efè segondè vaksen an?

Efè segondè ki komen yo se doulè oswa anfleman nan bra a kote ou te pran piki a, maltèt, doulè nan kò, fatig ak lafyèv. Efè segondè yo mwens komen lakay granmoun yo epi yo jeneralman:

- Leje rive modere epi yo dire anviwon youn rive de (2) jou
- Kòmanse nan lespas twa premye jou yo apre vaksinasyon an (jou apre vaksinasyon an se li ki pi komen)

Ki sa mwen ta dwe fè si mwen genyen efè segondè?

Rele pwofesyonèl swen sante ou si ou gen efè segondè ki ba ou enkyetid oswa ki pa ale apre kèk jou, oswa si koulè wouj oswa doulè kote ou te pran piki a ogmante apre 24 èdtan. Pale ak pwofesyonèl swen ou sou nesite pou pran yon medikaman san preskripsyon, tankou asetaminofèn (Tylenol) oswa ibipwofèn (Advil).

Ou ka rapòte efè segondè yo atravè aplikasyon pou telefòn entèlijan v-safe Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) nan **vsafe.cdc.gov**. Ou kapab rapòte efè segondè yo atravè Sistèm Rapò Efè Negatif Vaksen (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS) an tou, ke CDC a ak Administrasyon Manje ak Medikaman an ap jere a nan **vaers.hhs.gov/reportevent.html** oswa rele nan 800-822-7967. Enfòmasyon ou rapòte yo ap rete konfidansyèl.

Èske li posib pou gen yon reyaksyon alèjik a vaksen an?

Reyaksyon alèjik pou piki a pa komen epi jeneralman yo kòmanse nan kèk minit jiska inèdtan apre ou pran piki a. Si yon reyaksyon alèjik grav gen ladan difikilte pou respire, enflamasyon nan figi ak nan gòj, batman kè rapid, yon gratèl nan tout kò ou, vètij ak feblès. Si ou panse ou genyen yon gwo reyaksyon alèjik, rele **911** oswa ale nan lopital ki pi pre ou a.

Kilè vaksen an kòmanse travay?

Yo konsidere ou ajou avèk vaksen ou yo apre yon dòz Johnson & Johnson avèk yon piki rapèl.

Èske yo pral voye yon bòdwo ban mwen pou vaksen an oswa vizit swen sante a?

Non. Yo gendwa voye fakti a bay asirans ou, men yo pa pral chaje ou yon kopeman oswa okenn lòt yon frè pou vaksen an.

Genyen yon ti risk tou piti konsènan yon tip kayo ki ra nan vaksen an. Chèche swen medikal touswit si ou genyen nenpòt nan sentòm sa yo nan yon peryòd twa semèn apre vaksinasyon an:

- Souf kout
- Doulè nan pwatrin
- Anfleman nan janm
- Doulè nan vant ki dire
- Maltèt grav oswa ki dire
- Vizyon ki twouble
- Kontizyon fasil
- Ti pwen wouj anba po ki depase zòn espas enjeksyon an

Genyen yon ti risk sendwòm Guillain-Barré a (yon pwoblèm ki domaje nè yo), jeneralman nan yon peryòd sis semèn apre moun pran vaksen an. Chèche swen medikal touswit si ou genyen nenpòt nan sentòm sa yo apre ou pran vaksen an:

- Feblès oswa oswa pikotman, espesyalman nan janm oswa nan bra ou, ki vini pi mal oswa ki pwopaje nan lòt pati nan kò ou
- Difikilte pou ou mache
- Difikilte pou ou bouje figi ou, tankou lè ou ap pale, moulen bouch oswa pou lè ou ap vale
- Vizyon doub (lè ou wè de (2) vizyon pou yon menm objè) oswa ou pa kapab bouje je ou
- Difikilte avèk kontwòl pipi ou oswa fonksyonman entèsten ou

Di pwofesyonèl swen sante ou la ou te resevwa vaksen Johnson & Johnson lan.

Èske enfòmasyon pèsonèl mwen pwoteje?

Enfòmasyon pèsonèl ou yo konfidansyèl epi yo pwoteje. Yo pral pataje enfòmasyon debaz sou ou (tankou non, adrès, nimewo telefòn, dat nesans, ras ak etnisite, dat vaksinasyon, ak vaksen ou te resevwa) yo avèk Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (Depatman Sante NYC) la jan lalwa egzije sa.

Èske mwen ka sispann pran lòt prekosyon COVID-19 apre mwen pran vaksen an?

Lè w fin ajou ak vaksen ou yo, nou rekòmande w mete yon mask kalite siperyè, ki byen chita nan figi w lè w nan espas piblik anndan yo. Swiv egzijans yo pou mask yo nan nenpòt kote ou ale, tankou yon biznis, lekòl, oswa nan kote ou ap travay la, ak pandan ou nan transpò piblik.

**Ki kote mwen ka jwenn
plis enfòmasyon?**



Depatman Sante NYC:
nyc.gov/covidvaccine

Depatman Sante Eta New York:
covid19vaccine.health.ny.gov

CDC:
cdc.gov/covidvaccine



E si mwen gen lòt kesyon?
Rele pwofesyonèl medikal ou oswa **311**.



Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon
yo pandan sitiyasyon an ap evolye. **2.16.22**